



Limye Pou Lekòl La

Mas/Avril 2012

Nonm Soufrans La! Ala Yon Non!


« Nou pa t' gade L' menm, tout moun te vire do ba Li. Li te soufri anpil, Li te toutan nan gwo lapenn. Tout moun te vire tèt yo pou yo pa wè L'. Nou pa t' okipe L', nou pa t' pran ka L' menm. Men, se soufrans nou ta gen pou nou soufri a Li t' ap soufri pou nou. Se doulè nou ta dwe soufri nan kò pa nou Li te pran sou do L'. Nou menm menm, nou te konprann se pini Bondye t' ap pini L'. Nou te konprann se frappe Bondye t' ap frappe L', se kraze Bondye t' ap kraze L' anba men Li. Men, se pou peche nou kifè yo te mete san L' deyò konsa. Se akòz mechanste nou kifè yo te kraze L' anba kou konsa. Chatiman ki te pou nou an se sou Li, li tonbe. Se konsa Li ban nou kè poze. Avèk tout kou Li te resevwa yo, Li ban nou gerizon. Nou te tankou mouton ki te pèdi bann, chak moun bò pa yo. Men, chatiman ki pou te tonbe sou nou an, Senyè a fè l' tonbe sou Li » (Ezayi 53 : 3-6).

Pa gen okenn lòt pasaj pwofesi ki esplike gran soufrans Pitit Bondye a epi ki bèl ala fwa pase sila a ki nan Ezayi 53. Nan pasaj sa a, Ezayi te itilize yon non ki fè nou reflechi anpil sou Mesi a ki te gen pou vini a : *Nonm Soufrans la* (Li te toutan nan gwo lapenn). Poutèt Jezi Kris te Pitit Gason Bondye a, Li te kapab vini kòm yon Nonm Pisan oubyen yon Nonm Vanyan, pou li pran kontwòl latè e vin gen gran renome pou sa. Men Li te vini kòm yon Nonm Soufrans, e Li te viv kòm yon Nonm Soufrans. Non sa a bon anpil, paske Jezi Kris te fè esperyans tèlman anpil soufrans Li menm epi L' te tèlman sèvi pechè yo ak moun k' ap soufri yo, epi Li toujou ap fè sa jodi a.

Se tandans lòm pou defann tèt li menm si yo gen rezon sou li, men Nonm Soufrans la te sipòte avèk pasyans lè yo te akize Li. « Egzamine ka Li byen. Gade tou sa Li sibi nan men bann pechè sa a yo ki pa t' vle wè L' menm. Konsa tou, pa kouri pou batay la. Pa dekouraje » (Ebre 12 : 3). Pandan Li t' ap sèvi sila yo ki pa t' ap sèvi Bondye, kèk moun te akize Li, « Men Li... se zanmi pèseptè kontribisyon ak moun k' ap fè sa ki mal » (Matye 11 : 19b). Yo te akize Lè pase L' nan rizib Nonm Soufrans la lè Li te montre lamou ak bonte Li nan geri lèzòm. « Dirèktè lalwa yo ak farizyen

yo t' ap veye Jezi konsa pou wè si L' t' ap geri moun jou repo a, paske yo te vle jwenn yon kòz pou akize Li » (Lik 6 : 7). Men sa pa t' anpeche Jezi Kris. Li te envite nonm ki te gen men sèch la pou kanpe avèk Li, e Li te poze moun yo kesyon ki t' ap swiv sa Li t' ap fè. « Èske lalwa pèmèt moun fè byen nan jou Saba oubyen pou fè mal ? Sove lavi yon moun osinon kite l' mouri ? » E Li te geri men nonm nan. Lè Jezi te prepare pou restore lavi pitit fi chèf la ki te mouri, « yo te pase Li nan rizib » (Matye 9 : 24b). Okontrè olye pase yo nan rizib tou oubyen reponn yo « m' pral montre ou », Jezi byen trankil te fè mirak la. E Nonm Soufrans la pare pou pataje pomad gerizon Li an jodi a, malgre foul rizib e kritik la.

« Jezi kriye » (Jan 11 : 35). Vèsè sa a tèlman kout men anmenmtan plen ak siyifikasyon. Nonm Soufrans la te kriye devan tonm Laza. Li te antoure avèk lanmò e kriye, epi Li te gen pitye pou kondisyon lòm. Li te kriye poutèt fwadè esprityèl pèp la epi paske yo te rejte delivrans la. « Jerizalèm, Jerizalèm, ou menm k' ap touye pwofèt yo, k' ap touye moun Bondye voye ba ou yo ak kout wòch, depi lontan Mwen te vle sanble moun ou yo tankou yon manman poul ki sanble ti pitit li yo anba zèl li, men ou pa t' vle ! » (Lik 13 : 34). « Li te vin nan peyi L' Men tout moun nan peyi L' pa t' resevwa Li » (Jan 1 : 11). Jezi kriye jodi a lè Li wè moun ki pa sèvi Bondye rejte delivrans la e lè Li wè moun k' ap sèvi Bondye fasilman chite oubyen vin tyèd.



Nan Jaden Jestemane, Nonm Soufrans la te lapriyè nan gwo lapenn pou prepare Li pou mouri pou peche lemonn. Li te di disip Li yo : « Mwen gen lapenn anpil. Mwen santi se mouri M' ap mouri. Rete la avèk Mwen, pa kite dòmi pran nou. L' al yon ti kras pi lwen, Li lage kò L' fas atè, Li lapriyè konsa : O Papa Mwen. Si se posib, wete gode soufrans sa a devan je Mwen. Men, se sa Ou vle a ki pou fèt, se pa sa Mwen vle a » (Matye 26 : 38-39). Pandan disip Li yo te dòmi, « Swe t' ap koule sot sou Li tonbe atè tankou gwo degout san » (Lik 22 : 44b). Egzòtasyon Li te fè disip Li yo bon pou nou jodi a, « Kòman ? Nou pa t' kapab rete je klè yon ti kadè avèk Mwen ! Pa kite dòmi pran nou, tandè. Lapriyè pou nou pa tonbe anba tantasyon. Lespri nou byen dispoze, men kò nou fèb » (Matye 26 : 40b-41).

Anvan gran soufrans fizik Li, Jezi te anba soufrans mantalman paske yo te rejte e meprize Li. Jezi te di disip Li yo : « Mwen gen pou M' soufri anpil. Chèf fanmi yo, chèf prèt yo ak dirèktè lalwa yo, yo yonn p' ap vle wè Mwen. Y' ap fè yo touye Mwen. Men, sou twa jou M' ap leve sòti vivan nan lanmò » (Lik 9 : 22). Men lè pwòp disip Li yo rejte Li sa ta dwe fè Li plis mal. Plis nou renmen yon moun, se plis lapenn nou santi si yo rejte nou. Li te envesti anpil pasyans ak lamou nan lavi disip Li yo, men yo menm tou te rejte Nonm Soufrans la. « Lè sa a tout disip Li yo kite L', yo pran kouri » (Matye 26 : 56b). « Lè sa, Pyè te kòmanse di : Mwen mande Bondye nenpòt bagay rive m' si m' manti : mwen pa konnen nonm n' ap pale la a » (Mak 14 : 71). Konbyen fwa souvan nou nye Li nan fason ki pi mètdam ?

Nonm Soufrans la te gen pitye pou lòt moun menm apre yo te kriyèlman bat Li epi Li t' ap mache nan direksyon plas yo ta kloure Li sou kwa a. Jezi te pale avèk yon gwoup senpatizan ki te swiv Li nan lye krisifiksyon an : « Nou menm, medam lavil Jerizalèm, pa kriye pou Mwen tandè. Kriye pou tèt pa nou ak tout pitit nou yo » (Lik 23 : 28). Nonm Soufrans la te kapab rele douz lame zanj pou delivre Li anba krisifiksyon tèrib la, men Li pa t'

fè sa (Gade Matye 26 : 53). Avèk gras e bèlte Li te padone vòlè ki te repanti ki t' ap soufri avèk Li, « Sa M' ap di ou la a, se vre wi : Jodi a ou pral avè M' nan paradi » (Lik 23 : 43).

Nonm soufrans la pa t' yon moun ki t' ap pran pitye pou tèt Li. Li te viv avèk yon bi etènite nan vizyon Li. Li te konnen kote Li te soti ak kote Li t' aprale. Li te « Wòch moun ki t' ap bati yo te voye jete a, se Li menm ki te tounen wòch ki kenbe kay la » (1 Pyè 2 : 7). Li te vle mouri paske Li te vle rachte nou anba peche nou e ban nou lavi etènèl. Li se enspirasyon nou jodi a « Ann kenbe je nou kole sou Jezi. Se nan Li konfyans nou sòti, se Li menm tou k' ap kenbe nou nan konfyans sa a jouk sa kaba. Li kite yo fè L' soufri sou kwa a. Li pa pran wont sa a pou anyen, paske Li te toujou sonje apre L' fin soufri a, Bondye t' ap fè kè L' kontan. Kifè kounyeya Li chita sou bò dwat fòtèy Bondye a » (Ebre 12 : 2).

Ekriyen kantik Filip Pòl Blis te di : « 'Nonm Soufrans !' Ala yon non pou Pitit Gason Bondye a ki te vini pou reklame pechè ki detwi. Alelouya ! Ala yon Sovè ! » Nonm Soufrans la se pa sèlman yon lidè nan relijyon ; Li kapab vin Sovè ak Senyè pèsònèl nou. Mwen fè lwanj pou Bondye paske Li te delivre mwen, e Li kapab delivre ou. Lè Jezi te wè foul moun ki te nan nesosite sou latè, « kè L' fè L' mal pou yo paske Li wè yo te bouke, yo te dekouraje, tankou yon bann mouton san gadò » (Matye 9 : 36). Jezi Kris kounyeya resisite epi Li leve nan gran majeste nan syèl la, men « kè L' fè L' mal » toujou pou nou ; Li konprann epi Li gen pitye pou eta nati peche lòm. « Granprèt nou an, se pa yon moun ki pa kapab soufri ak nou nan feblès nou. Okontrè, nou gen yon granprèt ki te pase anba tout kalite tantasyon menm jan ak nou. Men, Li pa t' janm fè okenn peche » (Ebre 4 : 15). Lapriyè mwen se pou tout moun ki li atik sa a, kapab pèsònèlman konnen Nonm Soufrans la kòm Sovè e Senyè ou. Bondye beni ou.

Atik sa a soti nan *Seed of Truth*, April 2011
Itilize avèk pèmisyon

Sèt Bi Pou Timoun

—D.L.R.

Levasyon timoun nan bon prensip gen anpil defi. Salomon te ekri : « Pitit mwen » anpil fwa lè li t' ap ekri liv Pwovèb la. Nou wè dezi li pou pitit li nan bon bi li te genyen. Nou vle gade sèt nan bi sa yo. San bi, levasyon pitit nou va yon echèk.

Pitit nou yo dwe aprann tandè. Pwovèb 1: 8 rele pitit la pou l' tandè enstriksyon. Souvan timoun pa tandè nou byen si nou pa anseye yo pou yo tandè. Paran dwe atann yon repons imedyat. Pwofesè yo ka ede timoun yo nan

aprann tandè pi byen si pandan yo bay yon devwa oubyen reponn yon kesyon yo pale byen klè epi di li yon sèl fwa.

Yonn nan bagay ki aprann zòrèy pou li tandè se nan koute lòt. Timoun ki renmen pale dwe aprann fè silans epi koute lòt timoun ak kè kontan. Li pa dwe toujou bay opinion, men okontrè gade lòt pou pataje vwa yo tou nan yon zafè.

Pitit nou yo dwe aprann obeyi. Pwovèb 7 : 1 anseye yo pou « sonje pawòl mwen » epi « pa janm bliye pawòl

mwen ». Li pa fasil pou kraze abitud dezobeyisans, men paran ak pwofesè dwe espere obeyisans. Timoun ki li, ka li kijan zòrèy Samyèl te byen tandè nan fason li te pre pou obeyi epi kouri ale kote Eli. Sa se yon bon modèl pou nou swiv. Yon timoun ap kapte byen vit si yon otorite ap atann li obeyi nèt. Lè timoun aprann obeyisans bonè nan lavi li, yo benefisye anpil nan fiti a.

Pitit nou yo dwe aprann fè bon chwa. Nonm saj la te enstwi pitit li nan Pwovèb 1 : 10 pou pa kite pechè yo detounen li oubyen pran tèt li. Nati timoun fè yo chwazi mal. Moun ki pran swen timoun dwe ede yo wè danje move chwa. Timoun piti gen anpil chwa ki fèt pou yo, men pandan y' ap gen matirite, yo bezwen èd ak konsèy pou gide yo fè chwa pa yo. Fè move chwa bay rezilta move konsekans epi timoun dwe aprann renmen bon chwa ak rekonpans chwa sa yo.

Pitit nou yo dwe asepte koreksyon. Ekriven Pwovèb la te ekri souvan sou disiplin ki mande pou kraze kè rebèl la. Timoun aprann pamwayen bon jan disiplin pou pwofite nan pinisyon. Timoun bezwen konsistans, epi echèk yo bezwen korije. Otorite yo bezwen montre lamou ak enterè pou timoun lan. Nan fè konsa, yo va travay pamwayen disiplin pou korije panchan nan move direksyon an.

Pitit nou yo bezwen respekte ak mete konfyans nan otorite. Yon papa ak yon manman ki gen lamou va kòmande pitit yo. Nou bezwen espere pitit nou pale byen konsènan sila yo ki gen otorite sou yo. Pandan atitid sa a ap devlope, yon konfyans va vini. Lè yon moun ki genyen otorite gen bon rapò avèk sila yo ki genyen otorite sou li, timoun aprann respekte ak mete konfyans nan sila yo ki anwo yo tou.

Pitit nou yo bezwen devlope bon abitud. Abitud yo la pou lavi. Se pou fè yo byen. Salomon te pataje enstriksyon sou travay, sante, manje ak abitud etid. Timoun dwe espere devlope bon abitud. Se yon benediksyon lè lakay ak lekòl travay sou sa ansanm.

Pitit nou bezwen pouswiv konesans ak sajès. Pwovèb 23 : 19 di pitit gason an pou li saj. Ansèyman nonm saj la se pou tout moun aplike kè yo avèk dilijans pou yo genyen vrè sajès. Anpil liv ak lòt gid etid pa fè sa. Men objektif nou dwe pou anseye verite a epi pa abandone li.

Timoun aprann pamwayen egzanp ak pamwayen ansèyman. Gen bi se yon bagay ki enpòtan. Men espere pitit nou akonpli bi sa yo mande anpil efò ak dilijans. Bi bon ; akonpli bi yo pi bon toujou.

Atik sa a soti nan *Christian School Builder*, Septanm 2011
Rod and Staff Publishers
Itilize avèk pèmisyon

Senk Dola Oubyen Yon Konsyans Klè ?

Yon vrè istwa Jennifer Zehr rakonte

Lanèj te tonbe fò pandan mwen te antre nan boutik la. Mwen te vle prese enprime foto sa yo, konsa pou m' pa pèdi twòp tan.

Mwen te foure men m' nan valiz mwen pou pran kat kamera mwen, epi m' te foure li nan machin nan. Apre yon ti tan mwen te pote pil nouvo foto yo devan kès la pou m' peye yo.

Fanm lan ki te nan kès la te lonje anvlòp la ban mwen apre li te fin konte yo e fè pri yo, epi li te di ak yon bèl souri « Mèsi bon jounen ». Mwen te swete li bon jounen tou e touswit mwen te mache ale nan yon lòt seksyon boutik la. Se lè sa a je mwen te tonbe sou pri foto yo ki te sou anvlòp la. Yon bagay pa t' sanble toutafè dwat. Mwen te kwè foto yo tap koute plis pase sa ! Mwen te louvri anvlòp la epi m' konte foto yo.

Mwen te fè yon kalkil rapid nan tèt mwen e se te vre. Mwen te dwe yo senk dola plis pase sa yo te fè mwen peye.

Mwen te plenyen andedan mwen. Mwen te konnen sa mwen ta dwe fè se pote yo tounen nan kès la. Men èske mwen dwe fè sa fwa sa a ? Mwen te tante pou m' te tou kite sa. Paske se pa t' fòt mwen yo te kalkile pri a mal. Se te pwoblèm pa yo. Mwen te prese tou, e fich mwen te deja ase wo.

Anplis, sa te rive yon fwa deja yo te kalkile pri foto

mwen mal, e lè mwen te pote yo tounen, nonm ki te nan kès la te gade mwen yon fason dwòl.

Mwen te kontinye avèk lòt acha mwen te vle fè, men konsyans mwen te kontinye fè mwen sonje sa mwen dwe fè. Mwen te lapriyè nan silans, « Senyè, kisa mwen dwe fè ? » Anfen, mwen te konnen sa mwen te dwe fè si mwen vle gen lapè. Mwen te vire epi tounen nan kès foto a.

Dam nan te gade mwen avèk konfizyon, « Èske mwen kapab ede ou ? »

Mwen te reponn timidman, « Menwi, mwen te fenk enprime foto sa yo e mwen panse pri ki make sou li pa bon ».

Dam nan te fonsse sousi li epi pran yo. Li te ale sou kote pou konte yo epi li te refè pri a. Pandan li te lonje yo ban m' Li te di mwen : « Mwen vle di ou mèsi paske ou te onèt. Bon jounen ! »

Mwen te reponn sensèman « Mèsi parèy » epi m' te ale kite kès la.

Mwen te pi alèz, malgre mwen te peye senk dola anplis. Men vrèman vre, senk dola pa anyen devan yon konsyans ki klè.

Atik sa a soti nan *Companions*, October 16, 2011
Christian Light Publication
Itilize avèk pèmisyon

Adore – Baz Adorasyon Nou

—Larry Bergey

Adore, se pa yon mo ki fasilman vin nan tèt nou lè nou panse sou Jezi, men poukisa nou pa gen tandans panse sou sa ?

Annou fè ti reflechi sou lavil Jerizalèm. Imajine yon kokenn chenn bèl baryè ak yon gwo miray an wòch. Nan baryè sa a yon nonm ap vini, chita sou yon bourik. Nonm nan ak bèt la parèt piti akòz grandè baryè a. Ezayi 53 : 2 di osijè nonm sa a ki se Jezi, « *Li pa t' bèl gason, Li pa t' gen anyen nan Li ki pou ta fè nou vire gade L'. Li pa t' sanble anyen ki ta ka fè nou kontan ret gade L' »*, poutan yon foul moun avèk anpil branch palmis nan men yo epi ki t' ap rele « Ozana ! » te akonpaye li. Pandan Jezi t' ap antre nan Jerizalèm nan baryè ki nan lès la, monte sou yon bourik, pèp la te rele : « Ozana ! »

Kisa yo t' ap di ? Mo *ozana* se yon mo adorasyon ki siyifi « sila a ki va sove nou », se pa yon kòmandman pou sove men lwanj pou Sila a ki gen pouvwa pou sove. Pèp ki te avèk Jezi a t' ap kriye adorasyon yo pou tout moun tande. Èske yo t' ap vrèman adore Li poutèt ki moun Li te ye, oubyen poutèt sa yo te wè Li fè ak sa yo te espere Li ta pral fè pou yo ?

Kèk tan pase mwen te mande fanmi mwen, « Kisa ou ta reponn mwen si m' ta mande ou kilès oubyen kisa ou adore ? » Pitit nou an te reponn byen vit, li adore nyès li ki gen twa mwa. Gen yon bagay ki fò anpil nan sa. Souvan nou panse sou yon bebe oubyen yon ti moun lè nou itilize mo *adore* nan anglè. Ti pitit pitit nou an pa fè anyen pou merite pou nou adore li esepite li senpleman egziste. Nou renmen li poutèt li se limenm, li espesyal e mèveye. Sa lakoz nou tonbe nan respè devan Kreyatè nou an lè nou wè pèfeksyon ti men li ak ti pye li, fason li grandi, aprann e chanje.

M' ap mande mwen ki repons mwen ta jwenn si mwen kesyone moun lari yo kilès oubyen kisa yo adore. Petèt yo ta di yo adore madanm oubyen mari yo, zanmi yo, yon moun ki te rann yo yon sèvis espesyal, Wyclef Jean, oubyen yon lòt moun popilè ki jwe espò oubyen mizik. Poukisa yo ta bay repons yo bay la ? Èske se pou yon bagay moun lan te fè, pou bèl aparans li oubyen fason li aji, oubyen èske yo te enflyanse lè yo wè lòt moun ap pale de moun lan ?

Lè nou panse sou adore kòm yon aspè nan adorasyon nou pou Bondye, poukisa nou adore Bondye – pou sa Li fè pou nou oubyen pou kilès Li ye ? Moun ki ekri liv Sòm yo di : « *Sa bon nèt pou nou di Senyè a mèsè* » (Sòm 92 : 1) e « *Se pou yo di Senyè a mèsè pou jan Li pa janm sispann renmen yo, pou bèl bagay Li fè pou moun* » (Sòm 107 : 8). Se bon pou fè lwanj Bondye pou sa Li fè. Nou dwe fè lwanj Li pou delivrans Li ban nou, paske Li te voye Jezi fè yon chemen pou nou kapab rekonsilye avèk Li menm ki se verite e pirte, malgre nou te ale lwen Li epi eseye fè sa nou pito. Nou fè lwanj Li pou sa Li fè pou nou nan kreye monn mèveye, paske Li kreye nou, e apre sa fè nou vin

nouvo kreyati e kontinye travay nan nou pou sanktifye nou. Enprimè nou yo ta fini lank yo lontan anvan nou ta fin fè lis tout gran bagay Li fè pou nou. Men adorasyon nou tou bezwen fè lwanj Li pou sa Li ye : gran Kreyatè linivè a, Bon Bèje ki pran swen nou, e pou fason Li si mèveye nou pa menm gen mo pou esprime.

Konsa èske ou adore Bondye nan fason sa a ? Nou kapab pa pase anpil tan ap panse sou kisa adore siyifi. Mo *adore* gen yon siyifikasyon pi fon pase senpleman bay lwanj e admire, men lwanj nou bay dwe soti nan fason nou adore. Lè nou vin twò abitye avèk yon bagay oubyen yon moun, nou gen tandans bay moun lan oubyen bagay la mwens enpòtans e mwens swen. Bondye gran, e nou bezwen pran tan pou kenbe Bondye kòm Sila a nou adore plis pase nenpòt lòt moun oubyen nenpòt lòt bagay. Lè nou adore se yon bagay ki aji sou panse nou. Nou reflechi sou yon bagay nou adore epi nou kenbe li espesyal.

Adorasyon se yon bagay nou viv menm jan ak yon bagay nou fè ansanm avèk lòt kwayan. Nan tan espesyal sa yo, kit se dimanch maten oubyen dimanch swa, oubyen lòt sware espesyal oubyen lòt tan espesyal, ki kalite aksyon ki montre yon atitid adorasyon ? Si nou adore Bondye, èske nou va vin jwenn Li nenpòt jan san montre respè tankou lemonn, oubyen èske n' ap vin devan Li tankou yon pèp ki apa pou Li ? Nan Egzòd Bondye bay enstriksyon epesyal sou kòman prèt yo te dwe parèt lè yo te dirije pèp la nan adorasyon. Fason abiye e manyè esprime diferan bagay nan diferan kilti ak tan, men kesyon nou bezwen panse sou li se « Èske lavi mwen, aksyon mwen, fason mwen abiye, oubyen kondwit mwen montre mwen adore Bondye ? » Pèp la nan dezè a te netwaye yo (lave yo oubyen benyen), wete bijou, lave rad yo nan preparasyon pou rankontre avèk Bondye. Bondye te bay enstriksyon espesyal tou nan Egzòd 20 : 25 sou kòman pou fè otèl yo. Ebyen, èske nou kapab di sa pa fè anyen nan kalite mizik nou itilize pou adore Bondye nou ? Kisa n' ap di sou kòman nou wè Bondye lè nou chita dwat pou tande lekti Pawòl Bondye oubyen petèt menm kanpe lè sa a ? Lè nou vini ansanm pou adore Li, nou rekonèt e temwaye sa Li fè e kilès Li ye, kalite e karakteristik Li. Nou adore avèk lwanj, lapriyè e pwoklamasyon. Konsa si ou ta dwe gade fason ou adore Kris devan lòt, nan ki mezi Bondye ta wè ou reflekte Li menm ? Èske Li wè nou eseye satisfè preferans egoyis pèsonel nou oubyen èske Li vrèman wè pèp Li konsantre sou Li ?

Lè nou mete Bondye nan premye plas nan lavi nou, prensip Li va dirije tout lavi nou e pwòp rezonnmman nou. Lavi nou ak adorasyon nou lè sa a va montre fason nou adore Bondye tout bon.

Atik sa a soti nan *Sword and Trumpet*, October 2011

Rod and Staff Publishers

Itilize avèk pèmision